




# Yon ti grenn: Istwa Wangari Maathai






 Nicola Rijdsijk

 Maya Marshak

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

3

 kreyoul ayisyen 




## Global Storybooks


[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)


### Yon ti grenn: Istwa Wangari

### Maathai

 Nicola Rijdsijk

 Maya Marshak

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA



This work is licensed under a Creative Commons

[Attribution 4.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/4.0)

<https://creativecommons.org/licenses/by/4.0>






Nan yon ti vilaj ki sou pant mòn  
Kenya nan Lès Afrik, yon ti fi tap  
travay nan jaden an ak manman'l.  
Yo te rele li Wangari.

a.

Wangari te renmen rete deyò anpil.  
Nan jaden fanmi li, li te fè twou ak  
manchèt pou l plante ti grenn nan tè







Lè li pipito a se pandan lajounen lè solèy la fin kouche. Wangari konnen fòke li tounen lakay anvan fè twò nwa. Enpi li pa te kapab wè plant yo nan fè nwa a. Pou'l tounen lakay li, fòke li te pase nan yon ti santye, nan yon jaden ak akote yon rivyè.



Wangari mouri nan lane 2011 men nou sonje li chak fwa nou wè yon bèl pyebwa.



Wangari te yon timoun entèlijan ki  
te anvè ale lekòl. Men, manman'l ak  
papa li te vle ke li rete nan lakay la  
pou'l ede yo. Lè Wangari gen sètan,  
pi gran frè li mande manman ak  
papa'l pou yo voye Wangari lekòl.




Wangari te travay di. Tout moun lòt  
bò dlo tandè pale de Wangari. Li  
resewa yon pri entènasyonal ke yo  
rele pri Nobel pou lapè. Wangari se  
pwemye fanm Afriken ki te resewa  
yon pri konsa.




Li te renmen aprann! Wangari te aprann piplis chak jou, chak fwa li louvri yon liv. Li te travay tèlman byen lekòl la ke li te resevwa yon envitasyon pou'l al etidye nan Etazini. Wangari te kontan anpil! Li te vle aprann anpil bagay lòt bò dlo an.



Piti piti pyebwa yo grandi yo tounen rakbwa enpi dlo rivyè an kòmanse koule ankò. Mesaj Wangari travèse tout Lafrik. Jounen jodya, anpi anpil pyebwa pouse akòz ti grenn Wangari yo.



Nan inivèsite Ameriken an, Wangari  
apran anpil lòt bagay. Li etidye sou  
tout kalite plant ak kijan yo grandi.  
Enpi, li vin sonje kote li sòti, kijan li  
grandi, lè li te konn jwe ak frè li nan  
lonbraj anba pyebwa nan bèl  
rakbwa Kenya.



Wangari te konnen sa pou'l fè. Li  
apran medam yo kijan pou yo  
simen grenn atè pou yo plante  
pyebwa. Medam yo vann pyebwa yo  
enpi yo ede fanmi yo ak lajan an yo  
fè. Medam yo te kontan anpil.  
Wangari te fè yo santi yo  
endepandan ak pifò.



Plis li aprann plis li santi ke li renmen moun Kenya yo. Li te vle wè pèp li lib ak kontan. Plis li aprann, plis li sonje lakay li nan peyi Lafrik.



Lè li fini lekòl la, li tounen Kenya. Men, peyi'l te chanje. Peyi a te kouvri ak gwo plantasyon. Fanm yo pa te jwenn bwa pou yo fè manje. Moun yo te pòv, timoun yo te grangou toutan.